Kaawu COVID-19 yi ñingi yokku ci dëkkup New York

Xeetu delta bi mingi yokku bu baax ci NYC. Gën naa gaawa walle lu ëppu ñaari yoon doomu jàngoro bu njëkk te man naa indi jàngoro gu metti.



Yeneeni xeet dañuy judd bu fekkee ni doomu jàangoro ji dafay law. Waccin léegi yi di xéex COVID-19 man nañ saafara xéet wii di delta waaye man nañoo baña am doole ci yeneen xéet yuy mana amaat. Ñakku gi dafay mana wañi lawuk COVID-19 gi ak yeneen xéet yuy mana amaat.



Bu fekkee ni ñakko goo, dangaa wara tàkk mask saasune boo gennee sa kër ba nekk ak yeneen nit; nanga soree ak nit ñi; nanga samoonteek ñakku yi te nga toog sa kër bo feebaree. Sakkul bërëb yiñuy ñakkoo ci sit bii di **nyc.gov/vaccinefinder** te nga ñakku tay!



Bu fekkee ni ñakku nga ba pare, nanga takk mask ci feppu foo dem te mbooloo nek fa te xamoo ndax nit ñanga nekkal ñakku nañ ba pare walla deet. Rax ci doli, nanga samoonteek liñu digle ci mask yi ci beppu bërëb bo mana nekk, doonte sax dangay jëfëndikoo daamaru demak dikk; nanga dem ñu saytu la boo amee ay mandarga walla bu fekkee ni dangaa nekoon ak ku ame doomu jàngoroy COVID-19; te nga toog sa kër bo feebaree.

Boo bëggee yeneeni leeral, demal ci **nyc.gov/covidvaccine**.

Serwiisu Wergi yaram bu NYC mannaa amal ay copite sukkëndiko ko ci situasion bi. 8.23.21

Wolof

NYC Health